

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Tradisi nulis masarakat Sunda téh geus aya ti baheula, buktina geus aya sababaraha tulisan nu ditulis ti jaman baheula. Lian ti tradisi nulis, dina tulisanna sok nyangkaruk rupa-rupa pangaweruh. Kiwari, éta tulisan téh ilaharna sok disebut naskah. Naskah nu sumebar di tatar Sunda téh kawilang réa. Sakumaha anu ditétélakeun ku Ruhaliah (2020b, kc. 10) yén naskah téh patali jeung tradisi nulis nu aya di masarakat Sunda sabada wanoh kana aksara Pallawa ti India. Naskah Sunda anu mimiti ditulis ngagunakeun aksara Sunda Kuna. Eusi naskah téh rupa-rupa, aya nu eusina sajarah, seni, ubar-ubaran, paririmbun, sastra, mantra, jrrd. Lian ti éta, eusi naskah téh sakapeung mah teu sarupa, upamana naskah sajarah anu biasana dicampur jeung sastra.

Salasahiji naskah anu sumebar di masarakat Sunda téh nya éta wawacan. Ruhaliah (2018, kc. 10) nétélakeun yén wawacan mangrupa carita panjang (naratif) atawa déskriptif anu ditulis dina wangun puisi jeung mimiti dipikawanoh ku masarakat Sunda sabada aya pangaruh Mataram abad ka-17. Dina kahirupan masarakat Sunda, naskah wawacan téh miboga fungsi umum saperti naskah dina umumna. Ekadjati dina Ruhaliah (2018, kc. 68) nétélakeun yén fungsi naskah téh kabagi jadi dua, nya éta fungsi naskah dumasar kana bandana, jeung fungsi naskah dumasar kana eusina. Fungsi wawacan dumasar kana bandana (naskah) miboga fungsi salaku barang anu dipupusti tur dianggap suci, cecekelan kalangan nu tangtu, jeung banda kalengkepan karaton atawa pendopo. Sedengkeun dumasar kana eusina (caritana) wawacan téh miboga fungsi salaku alat *legitimasi* raja, bupati, jrrd., padoman hirup kalangan nu tangtu, cecekelan pikeun mikawanoh sarsilah kulawarga, jeung ngagungkeun nu boga kakawasaan jeung katurunanna.

Wawacan anu dianggap sakral atawa barang anu dipupusti biasana henteu babari dicangking, disimpen di tempat husus tur dina nyalin eusi naskahna ogé kudu taliti. Sanajan kitu, henteu sakabéh naskah téh dianggap sakral, loba ogé naskah wawacan anu wangunna carita tur nu nyalinna ogé bisa sababaraha kali jeung kurang tarapti.

“Wawacan Ogin Amar Sakti” mangrupa salasahiji wawacan anu sumebar di masarakat Sunda. Ieu naskah téh kaasup kana wawacan lantaran ditulis dina wangun puisi. Ieu wawacan téh miboga fungsi leuwih ti hiji. “Wawacan Ogin” téh miboga fungsi pikeun hiburan jeung acara ritual. “Wawacan Ogin” biasana sok ditampilkeun dina acara sukuran, saperti sunatan, tujuh bulanan, babaran, jeung nikahan. Lian ti éta, ieu wawacan téh sok dipaké ogé pikeun acara ritual, di antarana ritual nu aya patalina jeung paré, saperti guar bumi, mipit, ngaruat, jrrd. (Ruhaliah, 2018, kc. 74).

Ieu wawacan téh ditulis dina wangun puisi tur eusi caritana naratif. Ku kituna, salaku karya sastra ieu wawacan téh miboga struktur anu penting pikeun diguar eusina. Sakumaha anu ditétélakeun ku Isnendes (2010, kc. 91) yén karya sastra mangrupa struktur otonom, hartina dina maham karya sastra téh bisa ngaliwatan struktur anu jadi pangwangun éta karya.

Struktur dina wawacan kabagi jadi dua, aya struktur formal jeung struktur naratif. Struktur formal dina wawacan patali jeung aturan pupuh lantaran ditulisna dina wangun puisi, sedengkeun struktur naratif patali jeung eusi carita dina wawacan. Sakumaha anu ditétélakeun ku Hermansoemantri (dina Ruhaliah, 2018) yén aturan dina nyusun dangding ngawengku guru gatra, guru wilangan jeung guru lagu, wirahma, adegan, jeung watek pupuh, dina ieu panalungtikan analisisna ngawengku guru wilangan jeung guru lagu, watek jeung sasmita pupuh. Lian ti éta, dina struktur carita dumasar kana Stanton (2012) ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita,

Kiwari, henteu sakabéh masarakat wanoh jeung bisa maca naskah Sunda. Balukarna, loba kénéh naskah anu sumebar di masarakat anu can kaguar eusina. Ieu hal téh lantaran aksara nu digunakeun dina naskah téh béda pisan jeung aksara nu digunakeun ayeuna. Lian ti éta, kiwari mah naskah téh geus mimiti laleungitan. Loba alesan nu ngalantarankeun naskah téh laleungitan, di antarana waé ruksakna keretas nu dipaké dina naskah. Sakumaha anu ditétélakeun ku Koswara & Permana (2019, kc. 25) yén kaayaan naskah kiwari téh geus bobo nepi ka teu bisa kabaca. Lian ti éta, naskah téh ruksak lantaran digégélan rinyuh, padahal dina eusi naskah téh bisa jadi nyangkaruk hal-hal penting pikeun kahirupan kiwari. Upamana waé eusina ngawengku sajarah, ubar tradisional, sastra, jrrd.

Lantaran éta hal, naskah téh perlu pisan diriksa sangkan tetep bisa hirup sanajan geus mimiti kaléléd ku jaman. Tarékah anu bisa dilakukeun salasahijina ku cara ngaalih-aksarakeun éta naskah sangkan bisa dibaca ku masarakat jeung ngaguar eusi naskahna. Wenny (dina Rahman & Nurjanah, 2021, kc. 29) nétélakeun yén transliterasi mangrupa: (1) prosés nyalin hiji téks kana tulisan séjén; (2) ngaganti jenis tulisan tina hurup ka hurup; jeung (3) ngarobah téks hiji tulisan kana wangun tulisan séjénna.

Élmu nu nalungtik ngeunaan naskah téh nya éta filologi. Baried, spk., (1985, kc. 1) nétélakeun yén filologi mangrupa élmu pangaweruh anu eusina patali jeung studi téks sastra jeung budaya atawa aya patalina jeung kasang tukang budaya nu aya dina téks. Lian ti éta, Objék kajian filologi téh nya éta naskah jeung téks. Dina filologi, téks patali jeung hiji hal anu sipatna abstrak, sedengkeun naskah mah sipatna kongkrit. Filologi ngabagi téks jadi téks lisan jeung tulisan. Téks tulisan kabagi deui jadi dua, nya éta téks tulisan leungeun (naskah) jeung tulisan citak. Ku kituna, ditilik tina cara nepikeunna, filologi téh kabagi jadi tilu, nya éta filologi lisan, filologi naskah, jeung filologi citak (Baried, spk., 1985, kc. 4).

Panalungtikan ngeunaan wawacan dina buku *Wawacan Sebuah Genre Sastra Sunda* (Ruhaliah, 2018) kacatet réa pisan. Rupa-rupa judul wawacan kungsi aya nu nalungtik, kaasup “Wawacan Ogin Amar Sakti”. “Wawacan Ogin Amar Sakti” kungsi ditalungtik ku Abdurahman & Rohaedi (1991) anu judulna *Wawacan Ogin Amar Sakti: Transliterasi dan Terjemahan*. Rosyadi, spk., (1991) nalungtik ieu wawacan anu dijudulan *Wawacan Asep Ogin (Kajian dan Analisis)*. Lian ti éta, kungsi ditalungtik ogé ku Ruhaliah (2022) anu dijudulan “Lingkungan Hidup dalam Naskah Wawacan Ogin Amarsakti”. Sedengkeun panalungtikan ngeunaan struktur dina wawacan kungsi ditalungtik ku Sherina Kusdayani anu judulna “Wawacan Sekar Arum Karya Cucu Suhartini (Ulikan Struktural jeung Étnopedagogik)” taun 2022. Panalungtikan séjénna nya éta ku Sasti Ameliawati nu judulna “Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah “Siti Jaajah” (Ulikan Filologi jeung Struktural)” taun 2021. Lian ti éta, kungsi ditalungtik ku Cencen Apriyanto nu judulna “Wawacan Syekh Ibnu Hasan Karya Puradinata (Ulikan Struktural jeung Budaya)” taun 2019.

Ieu panalungtikan miboga sasaruana jeung bébédaan. Sasaruanna ditilik tina tiori anu digunakeun, sedengkeun bébédaanna ditilik tina objék panalungtikanna. Objék dina ieu panalungtikan téh nya éta *Wawacan Ogin Amar Sakti* nu aya di Kampung Lampegan, Désa Gunung Masigit, Kecamatan Cipatat, Bandung Barat. Lian ti éta, dina ieu panalungtikan eusina maluruh ngeunaan transliterasi jeung struktur wawacan anu perlu dipikanyaho ku masarakat. Sok sanajan geus aya panalungtikan séjénna ngeunaan struktur, tapi panalungtikan ngeunaan struktur dina ieu wawacan téh can kungsi aya nu nalungtik. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung maluruh struktur nu aya dina naskah “*Wawacan Ogin Amarsakti*”. Lian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina widang filologi jeung kasastraan.

Nilik kana éta hal, ieu panalungtikan téh perlu diayakeun. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “*Wawacan Ogin Amar Sakti (Ulukan Filologi jeung Struktural)*”.

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh dirumuskeun kana sababaraha patalékan di handap.

- 1) Kumaha déskripsi “*Wawacan Ogin Amar Sakti*”?
- 2) Kumaha transliterasi “*Wawacan Ogin Amar Sakti*”?
- 3) Kumaha struktur formal jeung struktur naratif “*Wawacan Ogin Amar Sakti*”?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus saperti ieu di handap.

1.3.1. Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh tujuanna pikeun maluruh eusi naskah “*Wawacan Ogin Amar Sakti*” ngaliwatan transliterasi jeung analisis struktur nu nyampak dina ieu naskah.

1.3.2. Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun:

- 1) medar déskripsi “*Wawacan Ogin Amar Sakti*”;
- 2) ngaalih-aksarakeun “*Wawacan Ogin Amar Sakti*”; jeung

3) medar struktur formal jeung struktur naratif “Wawacan Ogin Amar Sakti”.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang kasastraan, hususna dina widang filologi. Dina ieu panalungtikan patali jeung transliterasi ogé struktur nu aya dina naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”.

1.4.2 Mangpaat tina Segi Kawijakan

Mangpaat tina segi kawijakan dina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun karep masarakat dina ngamumulé warisan budaya jeung sastra Sunda, salasihijina nya éta wawacan anu sumebar di masarakat. Lian ti éta, pikeun pamaréntah, dipiharep bisa leuwih ngaronjatkeun deui paniténa kana karya sastra buhun, salasihijina wawacan.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan téh di antarana:

- 1) Pikeun kamekaran élmu, bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan ka hareupna.
- 2) Pikeun lembaga kasundaan, bisa ngeuyeuban deui hasil panalungtikan ngeunaan naskah.
- 3) Pikeun nu nalungtik, bisa nambahan pangaweruh anu anyar.
- 4) Pikeun masarakat, bisa maca eusi naskah anu saméméhna henteu dipikanyaho.

1.4.4. Mangpaat tina Segi Isu Étik jeung Aksi Sosial

Mangpaat tina ieu panalungtikan saupama ditilik tina isu étik jeung aksi sosial, dipiharep ieu panalungtikan téh bisa mantuan masarakat anu teu bisa maca naskah tur bisa ngarojong prosés invéntarisasi naskah nu sumebar di masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi kawangun ku lima bab, anu diwincik saperti di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan tiori-tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Dina ulikan tiori eusina ngeunaan tiori filologi, transliterasi, wawacan, jeung struktural.

Bab III Méhode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan transliterasi, jeung struktur formal ogé naratif dina naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi dina ieu panalungtikan.